

# Barèm yo Pwopoze pou Tarif Peyaj pou Pwogram Peyaj Distri Santral Biznis la (Central Business District Tolling Program, CBDTP)

MTA  
Piblik  
Odyans  
Piblik  
Odyans

**The Triborough Bridge and Tunnel Authority (TBTA)**, k ap fonksyone sou non MTA Bridges and Tunnels, ap òganize odyans publik k ap fèt plizyè fason pou mande moun fè kòmantè sou barèm yo pwopoze pou tarif peyaj pou Pwogram Peyaj Distri Santral Biznis la (Central Business District Tolling Program, CBDTP). Odyans lan ap fèt plizyè fason kote ap gen opsyon pou moun patisipe an pèsòn, ak nan yon fòma vityèl pa mwayer platfòm entènèt sou Zoom ak opsyon apèl konferans, ak opsyon pou pse l an dirèk sou chèn YouTube MTA a.

Ann amoni ak Lwa sou Refòm ak Mobilite sou Wout MTA (MTA Reform and Traffic Mobility Act) 2019 la ("Lwa" a), TBTA pral mete CBDTP sou pye epi ranmase pèman nan men mwayer transpò k ap antre nan Distri Santral Pou Biznis ki nan Manhattan nan, yon kote Lalwa di ki se pati sid 60th Street men ki pa gen FDR Drive ak New York State Route 9A (ki gen ladan I Battery Park Underpass), ak nenpòt pòson wout Hugh L. Carey Tunnel ki konekte West Street. Objektif Pwogram nan se pou diminye kantite blokis ki genyen an epi antre lajan pou finanse 15 milya dola pou amelyore sistèm tren ki pase anba tè, bis ak tren ki pase sou tè nan Plan Enfrastrikti 2020-2024 MTA a oswa plan ki vin annapre yo.

Lwa a kreye yon Komite Analiz Mouvman nan Deplasman sou Wout la epi l ba l responsabilite pou l bay rekòmandasyon pou yon barèm peyaj tarif ki nan nivo Lwa a, sa gen ladan I montan peyaj la ak nenpòt kredi, rabè, ak/oswa eksepsyon. Yo te pibliye rekòmandasyon sa yo 30 novanm 2023. Nan dat 6 desanm 2023, Komite Triborough Bridge and Tunnel Authority te vote pou aplike pwosedi administratif ki nesesè pou mete sou pye ak aplike barèm pou peyaj la.

Nan sans sa a, gen yon peryòd kòmantè nan moman an e ap gen odyans publik k ap fèt plizyè fason ki gen pou fèt pou TBTA ka resevwa opinyon sou montan barèm pou peyaj la. Peryòd kòmantè a te kòmanse 27 desanm 2023 e l ap kontinye jis 11 mas 2024. Ou ka gade barèm montan pou peyaj la sou: <https://new.mta.info/document/129191>. An rezime, pwopozisyon an gen eleman ki annapre yo ladan l:

- Mwayer transpò ki pote pasaje ak mwayer transpò ki pote pasaje ki gen plak komèsyal yo t ap gen pou yo peye \$15 nan moman gen anpil aktivite pou pèman E-ZPass la pou yo antre nan CBD a, yon fwa pa jou sèlman.
- Kamyon yo t ap gen pou yo peye \$24 oswa \$36 nan moman gen anpil aktivite pou pèman E-ZPass la pou yo antre nan CBD a, sa depan de gwosè yo.
- Bis ki fè tranzit oswa ki bay sèvis enfòmatik yo pa t ap gen pou yo peye montan peyaj la. Lòt bis yo t ap gen pou yo peye \$24 oswa \$36 nan moman gen anpil aktivite pou pèman E-ZPass la pou yo antre nan CBD a, sa depan de kalite yo.
- Motosiklèt yo t ap gen pou yo peye mwatyè nan sa chak mwayer transpò ki pot pasaje peye, yon fwa pa jou sèlman.
- Mwayer transpò yo t ap gen pou yo peye montan peyaj la sèlman si y ap antre nan CBD a – se pa si yo rete oswa kite zòn nan.
- Chofè yo t ap gen pou yo peye montan peyaj lè gen anpil aktivite a nan lè nan jounen an ki gen plis blokis – 5am rive 9pm lasemèn, ak 9am rive 9pm nan wikenn. Montan peyaj la t ap 75% an mwens lè l ta lannuit.
- Yo t ap bay mwayer transpò ki gen E-ZPass yo yon kredi pou tinèl parapò ak yon pòson pou montan pou peyaj lè gen anpil aktivite nan CBD a k ap pase nan kat antre ki mande pou peye yo ki mennen dwat nan CBD a: Queens-Midtown, Hugh L. Carey, Holland, and Lincoln Tunnels. P ap gen kredi pou travèse k ap aplike lè l ta lannuit, lè montan peyaj CBD a gentan 75% pi ba pase lè gen anpil aktivite.
- Taksi NYC Taxi ak Limousine Commission (TLC), taksi vèt, ak machin ki fè transpò prive yo (for-hire vehicle, FHV) pa t ap gen pou yo peye montan peyaj machin yo peye chak jou a. Olye de sa, t ap gen yon montan peyaj CBD ki ajoute pa vwayaj pou chak vwayaj pasaje a fè ale, soti, oswa nan CBD a k ap yon montan peyaj \$1.25 pa vwayaj pou taksi, taksi vèt ak FHV yo, epi \$2.50 pa vwayaj pou FHV yo pou vwayaj yon sèvis lokasyon pou lòt moun ki gen anpil aktivite (high-volume for-hire service, HVFHS).
- Machin gouvènman an ki espesyalize yo pa t ap gen pou yo peye montan peyaj CBD a (met sou machin ijans otorize ki respekte kondisyon yo ak machin k ap pote moun ki ge andikap ki respekte kondisyon yo, jan Lalwa a mande sa a).
- Pwopriyetè machin ki touche yon tikras kòb yo ki kalifye e ki enskri nan TBTA pou Plan Rabè pou Moun ki Touche Tikras Kòb yo t ap resevwa yon rabè 50% sou montan peyaj E-ZPass la ki mwens pase montan E-ZPass pou machin k ap pase nan moman ki gen anpil aktivite yo, sou 11yèm vwayaj machin nan fè ki kalifye ak vwayaj ki fèt apre nan yon mwa.
- An jeneral, montan peyaj CBD a pou machin ki utilize mwayer pèman tarif olye yo utilize E-ZPass, sa yo abitye rele Tolls by Mail la, t ap 50% pi wo pase kliyan E-ZPass yo.

Ou ka jwenn detay konplè sou barèm montan pou peyaj la sou <https://new.mta.info/document/129191>.

## DAT AK LÈ ODYANS PIBLIK YO

Odyans Publik Pwogram Peyaj Distri Santral pou Biznis (Central Business District Tolling Program, CBDTP)

Jedi 29 fevriye 2024, a 6:00 PM

Vandredi 1ye mas 2024, a 10:00 AM

Lendi 4 mas 2024, a 10:00 AM epi a 6:00 PM

Odyans Publik k ap fèt plizyè fason an ap fè an pèsòn ak sou platfòm vityèl yo.

## Kote Odyans yo ap Fèt (an pèsòn)

Odyans lan ap fèt nan Biwo Santral MTA a ki twouve l 2 Broadway, 20th Floor – William J. Ronan Board Room, New York, NY 10004.

## Patisipe nan Odyans Publik la (A Distans)

Si w anrejistre pou w pale, ou ka suiv enstriksyon ki annapre yo pou w patisipe an pèsòn, anliy, oswa nan telefòn:

**Patisipe nan Seyans K ap Fèt sou Zoom sou Entènèt la:** Pou w antre sou seyans Zoom sou entènèt la, ale sou <https://mta.zoom.us/j/82624594335>

**Patisipe nan Seyans Ian nan Telefòn:** Pou w antre nan seyans k ap fèt sou Zoom nan pa mwayer telefòn, tanpri rele (929) 436-2866 (gratis) oswa (833) 548-0282 (Gratis pou Etazini). Epi apresa antre ID reyinyon an 826 2459 4335, epi peze siy dyèz la (#)

## Fason Odyans Publik la ap Fèt

Li pral fèt plizyè fason kote moun ap ka patisipe an pèsòn, ak sou platfòm entènèt sou Zoom ak opsyon apèl konferans, epi y ap pase l an dirèk sou sit YouTube MTA a. Moun ki ta renmen pale yo dwe enskri alavans pou yo pale nan odyans publik la. Chak moun ki enskri pou l pale ap gen de (2) minit pou l pale. Publik la ap gen jiska 240 minit nan chak odyans pou l fè kòmantè oswa anviwon 120 ap ka pale. Moun ki poko pale nan yon odyans pou barèm montan peyaj CBDTP ap gen priyorite sou moun ki te gentan pale nan yon odyans. Tout kòmantè yo pral ekri epi yo pral fè pati dosye odyans y ap konsève yo.

## Enskripsyon pou Odyans Publik

Pou w enskri, ale sou <https://new.mta.info/agency/bridges-and-tunnels/cbd-tolling-hearing>, oswa rele nan Liy Dirèk pou Odyans Publik la nan (646) 252-6777. Ajan k ap reponn telefòn yo disponib soti 6 AM rive 10 PM chak jou. Enskripsyon an ap kòmanse yon semèn anvan chak odyans, e l ap fèmen 30 minit anvan chak odyans kòmanse.

## Pou w Vove Kòmantè yo Ale

Ou ka voye kòmantè anliy sou <https://new.mta.info/project/CBDTP>, a imel nan cbdtp.feedback@mtabt.org, oswa pa lapòs bay Central Business District Tolling Program, 2 Broadway, 23rd Floor, New York, NY 10004. Ou ka rele liy pou kòmantè CBDTP a nan 646-252-7440.

Nou dwe resevwa tout kòmantè a 11:59 PM pou pi ta jou k ap 11 mas 2024 la. Nou p ap konsidere kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa a.

## Sèvis Aksesiblité ak Sèvis Èd pou Lang

Ap gen Sèvis Lang Siy Ameriken ak Soutiraj CART k ap disponib. Manm nan publik la ki soud oswa ki gen difikilte pou yo tandé ka utilize sèvis transmisyon yo vle a oswa yo ka utilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo ak nimewo Odyans Publik lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Manm nan publik lan ki pa gen aksè ak yon èdikasyon oswa ki pa gen aksè ak entènèt ka tandé chak odyans yo lè yo rele reyinyon Zoom nan sou (929) 436-2866 (lokal) oswa (833) 548-0282 (Gratis). Epi antre ID Reyinyon an ki se 826 2459 4335, epi peze siy dyèz (#) la.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri voye yon demann omwen senk (5) jou ouvrab anvan dat odyans lan gen pou l fèt la nan youn nan fason ki annapre yo: pa imel bay cbdtp.feedback@mtabt.org, pa telefòn lè w rele Liy Dirèk Odyans Publik la nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Attn: Central Business District Tolling Program Hearings, 2 Broadway, 17th Floor, New York, NY 10004.

